



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10 MILYON DOLA POU ELAJI AKSÈ AK SWEN DANTÈ POU TIMOUN YO

Ogmante aksè ak swen dantè kalite siperyè atravè sant sante nan lekòl yo

Kòm yon pati nan angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou elaji aksè ak sèvis swen sante prevantif pou timoun yo, Depatman Sante (Department of Health) Eta Nouyòk la te anonse jodi a 10 milyon dola pou amelyore sèvis swen dantè nan sant sante ki nan lekòl yo epi amelyore rezilta sante oral pou timoun yo atravè eta a.

"Ajanda sante timoun administrasyon nou an gen pou objektif asire ke timoun ki pi piti yo ak moun ki pi vilnerab yo gen aksè ak swen yo bezwen an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Avèk investisman sa a, n ap rankontre timoun yo kote yo ye a pou nou ba yo sèvis dantè epi mete yo sou chemen pou yon vi ki an sante."

Komisè Sante Eta Nouyòk, Doktè James McDonald, te deklare, "Sante oral enpòtan anpil pou sante an jeneral. Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, n ap sipòte abitud ki an sante epi amelyore aksè a swen dantè prevantif depi yon laj byen bonè. Pratike bon ijyèn oral, tankou bwose dan regilyèman de fwa pa jou ak itilize fil dantè, epi gen aksè a swen sante oral prevantif ka anpeche oswa diminye kari dantè lakay timoun epi afekte sante yo pozitivman."

Inisyativ sa a ki soti nan Diskisyon Gouvènè Hochul sou Eta Leta a pou 2024 epi li sipòte ajanda sante timoun yo an jeneral. Sant sante ki nan lekòl yo bay swen sante primè ak prevantif konplè gratis pou timoun ki nan kominote ki gen ti revni epi ki gen gwo risk epi yo itilize ekip swen entèdisiplinè ki konpoze ak enfimyè, pratikan enfimyè, doktè, asistan doktè, dantis, ijyenis dantè, travayè sosyal ak lòt pwofesyonèl alye.

Pwogram nan gen ladan sèvis dantè ki ofri swen sante oral prevantif ak restoratif — ki gen ladan tès depistaj, selan, ak tretman — ki delivre dirèkteman nan lekòl yo atravè:

- Sit fiks ki sitiye andedan bilding lekòl yo.
- Yo te mennen klinik dantè mobil sou pwopriete lekòl la.
- Ekipman dantè pòtab nan espas ki deziyen pou sa andedan lekòl yo.

Finansman sa a pral:

- Sipòte livrezon sèvis dantè, sitou pou elèv ki pa gen aksè ak swen oral regilye;

- Konpansasyon depans ki pa kouvri pa asirans epi ki ta dwe faktire bay pasyan an oswa moun k ap pran swen l yo;
- Kouvri depans pèsonèl tankou salè ijyenis dantè yo;
- Finanse acha ekipman ak founiti ki nesèsè pou operasyon dantè yo;
- Ogmante kapasite sèvis yo epi diminye baryè depans nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo; epi
- Ankouraje ekite nan sante lè yo amelyore aksè pou elèv ki nan anviwònman ki pa gen anpil resous.

Yo pral distribye finansman an bay 33 sant sante nan lekòl atravè eta a sou senk ane. Pou asire transparans, responsablite, ak efò evalyasyon nan tout eta a konsènan aksè a sante oral, operatè ki aksepte fon yo ap oblije:

- Bay rapò sou mezi livrezon sèvis yo, tankou sa yo ki lye ak ekspansyon sèvis dantè yo;
- Soumèt dokiman ki gen rapò ak enpak pwogram nan, pòte li, ak rezilta operasyonèl li yo; epi
- Suiv epi pataje rezilta yo ki gen rapò ak selan, tès depistaj, ak tretman yo delivre grasa finansman sa a.

Manm Asanble Amy Paulin, te deklare, "Aksè ak swen dantè ki gen kalite esansyèl pou sante ak devlopman jeneral yon timoun. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou investisman li nan swen dantè nan sant sante lekòl yo, ki se yon liy sauvetage pou timoun ki nan kominote ki gen ti revni yo epi ki pa jwenn ase sèvis."

Depatman Sante Eta Nouyòk la rekonèt mwa fevriye kòm Mwa Nasyonal Sante Dantè Timoun yo epi li raple paran ak gadyen legal yo enpòtans tchèkòp dantè regilye ak swen prevantif. Finansman sa a se sèlman yon pati nan misyon jeneral la pou amelyore sante timoun Nouyòk yo. An 2024, Gouvènè Hochul te siyen yon lejislasyon ki pèmèt pasyan dantè pedyatrik yo gen plis aksè ak tretman fliyò.

Fliyò pwoteje dan yo kont kavite epi li ede geri kari bonè. Pi bon fason pou pwoteje kont kari dant se vizite yon dantis regilyèman epi sèvi ak fliyò chak jou nan pat dantifris epi nan nivo optimal nan rezèv dlo potab piblik yo. Lè yo ajoute fliyò nan dlo potab kominotè a, sa bay yon fason efikas, ki pa chè, epi ki an sekirite pou diminye kari dantè.

Lè pa gen fliyò ki apwopriye nan dlo a, ou ka bay pitit ou a gout fliyò, konprime fliyò, oswa yon rens bouch ki gen fliyò. Asire w ou pale ak dantis ou oswa pedyat ou sou sipleman fliyò yo.

Premye dan yon timoun enpòtan menm jan ak dan pèmanan li yo. Dan sa yo ede yon timoun manje epi pale. Yo kenbe espas pou dan pèmanan yo. Kari dantè dan tibebe ka lakòz:

- Pwoblèm pou dòmi, moulèn ak pale
- Enfeksyon ak maladi
- Difikilte pou aprann

[Akademi Ameriken pou Dantisri Pedyatrik \(American Academy of Pediatric Dentistry, AAPD\)](#) la rekòmande pou tibebe yo al wè dantis pou premye egzamen dantè yo nan espas 6 mwa apre premye dan yo pouse oswa anvan premye anivèsè yo. Apre premye vizit kay dantis la, yo rekòmande pou fè vizit regilye, selon bezwen sante oral timoun nan. Ou ka jwenn plis enfòmasyon ak rekòmandasyon pou abitud ijyèn chak jou pou gwoup laj espesifik sou [paj wèb Sante Oral pou Tibebe ak Timoun](#). Depatman an.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)